

MAINE PAID FAMILY & MEDICAL LEAVE



Preparasyon pou w Mande yon Konje Familyal ak Maladi Peye nan Maine (Maine Paid Family and Medical Leave, PFML)

Men kèk bagay enpòtan ou bezwen konnen anvan w voye demann PFML Maine ou a ale. Lè w fin aplike, ou ka jwenn plis enstriksyon ki pa nan lis sa a.

Pa bliye, ou ka toujou ale sou www.maine.gov/paidleave pou w jwenn enfòmasyon ki pi ajou sou pwogram nan.

Premyèman: Pale ak anplwayè w la lè w konnen w ap bezwen konje.

- ✓ Si w konnen depi davans w ap bezwen konje, ou dwe fè anplwayè w la konn sa pou pi piti 30 jou anvan konje w la kòmanse. Fè l konn sa pa ekri – yon mesaj tèks oswa yon imèl ap enpòtan! Si w pa konnen depi davans si w ap bezwen konje – pa egzanp, si gen yon ijans – ou dwe fè l konn sa pi bonè posib. Sa ap bay anplwayè w la yon posiblite pou l fè yon aranjman pou travay ki sou kont ou yo ka fèt pandan absans ou an. Si l ka fè aranjman pou yon moun kouvri pou ou, ap gen mwens chans pou l mande w repwograme konje w la pou evite yon Gwo Kontrent nan antrepriz li a.
- ✓ Mande anplwayè w la ki kote pou w aplike. Si anplwayè w la enskri nan plan piblik la, l ap mande w pou w aplike nan Aflac, administratè plan piblik PFML nan Maine nan. Si l ap patisipe nan yon plan prive, l ap di w ki kote pou w aplike ak plan sa a (anjeneral, se kapab yon konpayi asirans oswa yon lòt antrepriz, men pafwa se kapab yon moun oswa yon ekip anndan antrepriz anplwayè a).
- ✓ Pale ak anplwayè w la sou pèman w lan pandan w p ap nan travay la. Prestasyon PFML Maine yo konn peye mwens pase salè regilye w la. Si w ta renmen itilize yon pati nan lòt konje peye ou genyen yo (tankou Paid Time Off, PTO) pou w konplete salè regilye w la, ou dwe pale ak anplwayè w la sou sa, epi w ap bezwen montre yo montan prestasyon PFML Maine ou an pou yo ka fè kalkil ki nesèsè yo. Pa bliye gen yon peryòd atant 7 jou yo pa peye si w pran yon konje maladi, kidonk, ou ka chwazi itilize jou konje peye yo (PTO) oswa konje maladi w la pou yo ka peye w.

Ansuit, mete w prè pou w aplike.

Lè w voye demann ou an ou ale, mete w prè pou w reponn kesyon sou:

- ✓ Rezon ki fè w bezwen konje a
- ✓ Lè w bezwen konje a epi pou konbyen tan
- ✓ Kote w ap travay

- ✓ Kontak ou, sa gen ladan l Nimewo Sekirite Sosyal ou
- ✓ Kote w ta renmen yo voye pèman prestasyon w lan ale, si yo apwouve w – si w bay enfòmasyon sou kont ou, yo ka peye prestasyon w lan pa mwayen depo dirèk
- ✓ Si w gen lòt revni pandan konje w la – ki kote l ap soti epi konbyen li ye

Lè w fin voye demann ou an ale, administratè a (Aflac, si anlwayè w la enskri nan plan piblik la) ap voye yon lèt pou ou. L ap esplike w pwosesis reklamasyon an epi l ap fè w konnen ki enfòmasyon ou dwe bay anvan yo pran yon desizyon sou reklamasyon w lan. Men kèk dokiman ou ka bezwen voye ale:

- ✓ Prèv idantite
- ✓ Yon sètifika medikal doktè w ba ou si w ap pran yon konje maladi
- ✓ Yon sètifika medikal doktè fanmi an ba ou si w ap pran yon konje maladi pou w pran swen yon manm fanmi an
- ✓ Prèv nesans oswa plasman yon timoun si w ap pran konje pou kreye lyen ak yon nouvo timoun
- ✓ Yon dokiman ki esplike relasyon w ak yon moun w ap pran konje pou w al pran swen l, si moun sa a pa yon manm fanmi an jan lalwa rekonèt sa, men ou gen yon relasyon pèsonel avè l ki fò anpil

Lè w rete an kontak ak Aflac, sa ka ede pwosesis reklamasyon an dewoule san pwoblèm.

- ✓ Ou ka chwazi fason pou Aflac kominike avè w: voye lèt pa lapòs oswa sou fòm elektwonik sou sit entènèt yo a. Epitou, ou ka mande yo voye mesaj notifikasyon pou ou lè gen yon mizajou sou dosye reklamasyon w lan.
- ✓ Tank ou bay enfòmasyon yo ak dokiman yo pi bonè se tank Aflac ka egzamine dosye reklamasyon w lan epi pran yon desizyon.
- ✓ Si Aflac pran yon desizyon ou pa dakò avè l – si yo rejte aplikasyon w lan oswa yo apwouve w pou yon montan ou jije ki pa kòrèk – ou ka mande yon rekonsiderasyon lè w ranpli yon fòmilè Demann Rekonsiderasyon epi w voye l bay Aflac. Li lèt Aflac voye ba ou yo avèk atansyon paske w ap jwenn plis enfòmasyon sou sa ak lòt pwosesis yo.